



DISTRI LEKOL REJYON PALM BEACH
SÈVIS PLANIFIKASYON AK RELASYON ENTÈGOUVÈNMANTAL

Afidavi Rezidans

Yo ta dwe itilize fòm sa a sèlman nan sikonstans dramatik oswa kalamite ki anpeche yon paran oswa responsab founi de (2) prèv adrès. Ranpli epi mete dat sou fòm sa a siyen l sou sèman devan yon notè, epi retounen l bay direksyon lekòl la.

An absans yon metòd altènatif ki apwouve pou dezilyen yon lekòl oswa bay transfè, tout elèv nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach ta dwe ale chak ane nan lekòl yo dwe ale anba otorite komite dirijan an epi sou direksyon Sipèentandan an, dapre règleman 5.01 ak 5.011 Komite Dirijan Lekòl yo, Yo dwe plase elèv yo nan lekòl suivan règleman sa yo, dapre adrès paran/responsab legal elèv la nan zòn delimitasyon Komite Dirijan Lekòl yo te etabli.

1. Ki sikonstans dramatik oswa kalamite ki anpeche w bay de (2) prèv adrès?

2. a, Mwen, (*Enprime non paran/responsab legal/moun ki ranplase paran*) _____

Mwen se paran/responsab legal elèv nou ekri non li (yo) la a (enprime non elèv la (yo)):

- Oswa b, Mwen se yon elèv endepandan (*enprime non w*) _____

TCHEKE 3a or 3b, EPI ANTRE ADRÈS OU NAN BWAT ADRÈS ANBA LA A*

3. a, Mwen se paran/responsab epi mwen aktyèlman rete nan adrès ki ekri anba la a avèk elèv ki mansyone piwo a:

- Oswa b, Mwen se elèv endepandan an epi mwen rete nan adrès ki endike anba la a:

Adrès: * _____

***Yo defini rezidans prensipal kòm kay kote elèv la (yo) pase plis tan li (yo).**

4. Nimewo telefòn mwen: _____

5. Verifikasyon sa a nesèsè pou elèv la (yo) ki mansyone piwo a kapab ale nan (*enprime non lekòl la*):

6. Mwen sètifye mwen p ap reklame egzansyon *homestead* pou okenn lòt adrès epi mwen, nan fòm sa a, otorize Distri lekòl la pou l pataje adrès mwen ak lòt enfòmasyon ki konsène avèk lòt ajans gouvènman, tankou biwo Estimasyon Pwopriyete Rejyon an, nan bi pou verifye adrès la. Sinon, tanpri, eksplike rapidman anba la a.

7. **Enfòmasyon ki enpòtan pou elèv atlèt -**

Abilte pou elèv patisipe nan pwogram atletis kapab retade lè y ap revize dokiman yo epi se pèsònèl lekòl ak/oswa manadjè Atletis Distri a ki detèmine elijiblite pou atletis.

Selon Lwa Fonksyonman Asosyasyon Lekòl Segondè Florid, Atik 9:

9.1.2.2 Falsifikasyon Enfòmasyon. Yon elèv ak/oswa yon paran/responsab legal tribinal konpetan nonmen ki falsifye enfòmasyon pou jwenn elijiblite ta dwe deklare inelijib pou reprezante nenpòt lekòl ki manm pou yon peryòd 1 an apati dat yo dekouvri sa.

Afidavi Rezidans, suit

Non Elèv la (yo) _____

8. Mwen konprann falsifikasyon enfòmasyon sa a kapab lakoz yo retire elèv la (yo) nan lekòl sa a epi si mwen bay yon fo adrès lè m ap enskri elèv la (yo), yo kapab mande lapolis pou suiv mwen devan la jistis.
9. **Atik Lwa Florid §837.06** prevwa nenpòt moun ki, ak fèm konviksyon, fè fo deklarasyon alekri nan entansyon pou twonpe yon otorite piblik nan egzèsis ofisyèl fonsksyon li, koupab yon krim dezyèm degre. Anplis, yon moun ki fè fo deklarasyon anba sansksyon pou fo temwayaj, koupab krim fo temwayaj pou fo deklarasyon alekri, yon krim twazyèm degre.

Mwen dakò pou m avize Distri Lekòl la tousuit sou tout chanjman adrès ki vin fèt oswa aranjman sou lojman pou elèv sa a (yo). Sou pèn fo temwayaj, mwen deklare mwen te li dokiman sa a epi enfòmasyon ki piwo yo vre epi kòrèk:

Siyati Paran/Responsab Legal/Elèv Endepandan

Dat

ETA FLORID, REJYON PALM BEACH

Sèmante (osw afime) epi souskri devan mwen _____ jou ki _____, (ane _____

se _____ mwen rekonèt pèsonèlman oswa ki te idantifye l

Siyati Notè Piblik - Eta Florid

Ekri ak lèt detache, Tape, oswa Mete so Non Notè Piblik Komisyone a, Nimewo Komisyon an ak Dat Ekspirasyon

Si elèv la (yo) ap viv tanporèman avèk paran/responsab legal akd/oswa yon lòt moun nan adrès ki endkike nan paj 1 an, gade nan paragraf 6 règleman 5.011.

Non, enfòmasyon kontak ak nimewo telefòn Pwopriyetè/Fèmye/Lokatè:

Mwen, pwopriyetè, Fèmye, oswa Lokatè nan adrès piwo a, deklare elèv ki site piwo a oswa elèv endepandan an (yo) ap viv nan adrès sa a.

Atik Lwa Florid §837.06 prevwa nenpòt moun ki, ak fèm konviksyon, fè fo deklarasyon alekri nan entansyon pou twonpe yon otorite piblik nan egzèsis ofisyèl fonsksyon li, koupab yon krim dezyèm degre. Anplis, yon moun ki fè fo deklarasyon, ak fèm konviksyon, sou pèn sansksyon pou fo temwayaj, koupab krim fo temwayaj pou fo deklarasyon alekri, yon krim twazyèm degre.

Sou pèn sansksyon pou fo temwayaj, mwen deklare mwen te li dokiman sa a epi enfòmasyon piwo yo vre epi kòrèk.:

Siyati Pwopriyetè/Fèmye/Lokatè

Dat